



Pou Piblikasyon Imedya: 25/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU RATIFIKASYON AKÒ TRAVAY 4 ANE
AVÈK PWOFESEYON INIVÈSITÈ INI**

Kontra a apwouve avèk prèske sipò total manm UUP yo

*Akò avèk UUP a kouvri plis pase 37,000 pwofesè ak pwofesyonèl nan sistèm
SUNY an, pi gwo sendika edikasyon siperyè nan nasyon an*

*Kontra yo gen ladan ogmantasyon salè anyèl, ogmantasyon nan peman lokal, ak
12 semèn konje parantal ki totalman peye*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ratifikasyon yon akò travay pou kat ane ak Pwofesyon Inivèsitè Ini (United University Professions, UUP), ki gen ladann plis pase 37,000 pwofesè ak anplwaye pwofesyonèl nan sistèm SUNY an. Akò a, ki ap dewoule jiska 1e jiyè 2026, te genyen apwobasyon 96.4 pousan manm UUP yo ki te vote.

"Kontra sa a konpanse san patipri manb k ap travay di nan Pwofesyon Inivèsitè Ini ki bay ekspètiz enpòtan pou benefisye etidyan kolèj New York yo chak jou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen rekonesan anvè Prezidan Kowal pou patenarya li a pou ede akò sa a finalize epi asire ke peman ak avantaj travayè talantye nou yo reflekte kontribisyon enpòtan yo nan eta nou an."

Kontra ratifye a gen ladan ogmantasyon nan chak ane nan akò a ki konsistan avèk lòt akò ki fèk negosye yo. Anplis de sa, kontra a gen ladann lòt ogmantasyon nan konpansasyon tankou yon bonis fòfètè ak jiska 12 semèn konje parantal ki totalman peye. Kontra a gen ladann tou chanjman nan pwogram asirans sante a ki pral ankouraje patisipasyon anplwaye nan rezo a epi ede kontwòle depans asirans sante yo. Kontra a gen ladan tou finansman inisyativ jesyon sendika yo.

Prezidan Pwofesyon Inivèsitè Ini, Doktè Frederick E. Kowal, Ph.D., te deklare, "Nou pa ta ka pi kontan ak rezilta vòt ratifikasyon sa a, ki te wè yon majorite akablan manm ki te vote an favè akò a. Sa a se yon kontra ki rich ak avantaj pou tout manm yo, ki gen ladan manm ki touche pi ba nou yo, paran k ap travay ak pwofesè ak anplwaye yo nan lopital ansèyman piblik nou yo ki riske lavi yo pandan pandemi an. Nou remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou volonte li pou negosye yon akò ki jis, ekitab ki pral benefisye 37,000 manm nou yo."

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Elèv SUNY yo ak kominote nou sèvi yo benefisyè anpil de ekspètiz ak devouman pwofesè ak pwofesyonèl nou yo nan kanpis ak lopital SUNY yo. Moun sa yo angaje nan siksè etidyan nou yo ak fè pwogrè nan domèn etid yo, pandan ke lòt moun se chèchè ak espesyalis ki devwe pou abòde defi sosyete yo oswa pran swen pasyan yo—yo tout gen yon objektif komen pou fè yon diferans nan sèvis nan Eta New York. Mèsi a Prezidan Kowal pou lidèchip li, epi mwen felisite pwofesè ak anplwaye nou yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418